

IDANTIFYE & SIYALE

# TRAVAY FÒSE

[osha.gov/workers](https://osha.gov/workers)

## Nenpòt moun ka vin yon viktim nan travay fòse.

Si yon moun ensite w, rekrite w, oswa fòse w pou travay, sèvis oswa biznis sèks pa lafòs, fwod, kontrent, sa se trafik imen.

**Sib travay fòse yo:** travayè san papye, travayè etranje tanporè, moun kap itilize sibstans, moun ki soufri sante mantal, jèn ki san kay oswa jèn ki sove, ak moun ki gen difikilte ekonomik.

Siy travay fòse yo:

- sèvi ak fòs, fwod, pwomès, oswa kontwòl sikolojik
- fòse w travay anpil èdtan oswa fè travay ki pa an sekirite
- ba ou ti peman oswa pa peye, kenbe salè w
- yo ka menase ou oswa pwòch ou
- kontwole mobilite w, lojman, aksè a lajan, oswa ak ki moun ou ka pale, epi
- kenbe kat ou oswa paspò w.

Travay fòse pi komen yo nan sektè agrikòl oswa agrikilti, konstriksyon, fwidmè, amenajman peyizaj, otèl, restoran, ak travay domestik.

**Si oumenm oswa yon moun ou konnen nan yon anviwonman kote yo sispèk travay oswa sèks fòse, rele 911.** Oumenm oswa yon moun ou fè konfyans kapab tou rele Liy Asistans Trafik Imen nan 1-888-373-7888; Voye SMS "BeFree" (233733); oswa Ekri an liy sou [humantraffickinghotline.org](http://humantraffickinghotline.org).



Administrasyon  
Sante ak Sekirite  
Pwofesyonèl

